




KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Gumuk Pasir Parangtritis



Penulis  
Bening Christalica D.N.

Ilustrator  
Yohanes Satria W.B.







KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# GUMUK PASIR PARANGTRITIS

Penulis : Bening Christalica D.N.  
Ilustrator : Yohanes Satria W.B.  
Penerjemah: Bening Christalica D.N.

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**  
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **GUMUK PASIR PARANGTRITIS**

Penulis : Bening Christalica D.N.

Ilustrator : Yohanes Satria W.B.

Penerjemah : Bening Christalica D.N.

Penyunting : Mulyanto

Penata Letak: Yohanes Satria W.B.

### **Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-505-7 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 20/34, Calibri, Montserrat.

ii, 24 hlm., 21 x 29,7 cm.

# Kepala Balai Menyapa

**Hai, pembaca yang budiman.**

**Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.**

**Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.**

**Selamat membaca!**

**Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,**

**Dwi Pratiwi**





Lagi sepisan iki Dimas diajak bapake kang asmane Pak Budi. Dimas lan Pak Budi menyang warung es degan kagungane Mbah Puja. Papane ana ing sisih kidul Gumuk Pasir Parangtritis. Simbah Puja kuwi tanggane Pak Budi nalika isih manggon ana Kapanewon Kretek. Saiki Pak Budi sakaluwarga wis tuku omah ana ing Kutha Ngayogyakarta. Anggone dodolan, Mbah Puja dikancani dening putrane sing asmane Mas Rudi.

Sejatine Dimas oleh tugas saka guru Basa Jawa supaya gawe karangan. Karangane kudu babagan papan wisata ing Ngayogyakarta. Dimas wis duwe rencana arep nulis Pesisir Parangtritis. Nanging sawise tekan kono, Dimas dadi kepengin nulis cerita Gumuk Pasir Parangtritis.

Dimas ngalamun ing sangarepe warung es degan. Dimas nggatekake punthukan-punthukan wedhi sing jembar lan katon endah. Dimas gumun kepiye wedhi-wedhi alus kuwi mau bisa tekan papan kono. Kepiye kok bisa dadi gunung-gunung cilik.

“Kena ngapa ing kene bisa akeh punthukan-punthukan wedhi?”

“Gunung ngendi sing njeblug lan kepiye wedhine bisa tekan kene?” pitakone Dimas sajroning ati.

Baru kali ini Dimas diajak ayahnya yang bernama Pak Budi. Mereka pergi ke warung es degan milik Kakek Puja. Tempatnya berada di sebelah selatan Gumuk Pasar Parangtritis. Kakek Puja adalah tetangga Pak Budi saat masih tinggal di Kapanewon Kretek. Kini keluarga Pak Budi telah membeli rumah di Kota Yogyakarta. Saat berjualan, Kakek Puja ditemani anaknya yang bernama Mas Rudi.

Sebenarnya Dimas mendapat tugas dari guru Bahasa Jawa untuk menulis sebuah karangan. Karangan yang dibuat harus tentang tempat wisata di Yogyakarta. Dimas sudah berencana untuk menulis tentang Pantai Parangtritis. Namun, sesampainya di sana, Dimas malah ingin menulis cerita tentang Gumuk Pasir Parangtritis.

Dimas kemudian melamun di depan warung es degan. Dimas memperhatikan padang pasir yang luas dan indah. Dimas bertanya-tanya bagaimana pasir-pasir halus bisa sampai ke tempat itu. Bagaimana prosesnya sehingga bisa menjadi gunung-gunung kecil.

“Mengapa ada begitu banyak gundukan-gundukan pasir di sini?”

“Gunung berapi mana yang meletus dan bagaimana pasirnya bisa sampai di sini?” tanya Dimas dalam hati.

“Apa dhanyange Gunung Merapi nesu banjur mbuwang wedhi ana kene?”

Rada suwe Dimas kamitenggengen. Sawise iku, dheweke banjur mesam-mesem dhewe lan manthuk-manthuk. Dheweke nyawang maneh gumuk pasir sing jembar gilar-gilar.

“Mesti dhanyange Gunung Merapi nesu karo Nyai Rara Kidul,” pikire Dimas sing panggah nglamun.

Dumadakan Pak Budi nyeraki Dimas. “Dimas, ngapa awakmu nglamun karo nyawang wedhi?”

Dimas kaget. “Mboten, Pak. Kula mboten nglamun, nanging kula nembe mbayangke dumadine gumuk pasir.”

“Ngapa ndadak mbayangke. Ayo, sida menyang Pesisir Parangtritis ora?”

“Kula boten siyos, Pak. Kula damel karangan babagan gumuk pasir kemawon,” wangsulane Dimas.

“Wo, ya wis yen mangkono,” ngendikane Pak Budi.

“Dhanyange Gunung Merapi nesu lajeng mbucal wedhi kathah wonten mriki nggih, Pak?” pitakone Dimas.

“Dimas, gumuk pasir iki kedadeyan dudu amarga dhanyange Gunung Merapi nesu, Le.”

“Apakah penguasa Gunung Merapi marah dan membuang pasir ke sini?”

Dimas termenung beberapa saat. Setelah itu, dia tersenyum sendiri dan mengangguk-angguk. Dia melihat kembali ke padang pasir yang luas.

“Pasti penguasa Gunung Merapi marah pada Nyai Rara Kidul,” pikir Dimas yang masih melamun.

Tiba-tiba Pak Budi mendekati Dimas. “Dimas, kenapa kamu melamun sambil melihat pasir?” Dimas terkejut.

“Tidak, Pak. Saya tidak melamun. Saya sedang membayangkan terjadinya gumuk pasir.”

“Kenapa kamu malah membayangkan itu? Ayo, jadi ke Pantai Parangtritis, tidak?”

“Saya tidak jadi ke sana, Pak. Saya menulis karangan tentang gumuk pasir saja,” jawab Dimas.

“Baiklah, kalau begitu,” kata Pak Budi.

“Penguasa Gunung Merapi marah dan membuang banyak pasir di sini ya, Pak?” tanya Dimas.

“Gundukan-gundukan pasir ini terjadi bukan karena Gunung Merapi murka, Nak.”



ES DEGAN  
MBAH PUJO

“Lajeng pripun critane kok wonten punthukan-punthukan wedhi ingkang jembar, Pak?” pitakone Dimas bingung.

“Kareben mengko Mas Rudi njelasake marang kowe. Mas Rudi kae rak kuliah jurusan Geografi.”

Mas Rudi bubar salat Luhur ana musala. Ora let suwe Mas Rudi ngajak Dimas mlaku-mlaku ana ing gumuk pasir. Dene Pak Budi karo Mbah Puja padha jagongan sinambi jaga warung. Mas Rudi pancen salah sawijining mahasiswa jurusan Geografi semester enem. Dimas wis duwe rencana arep takon babagan gumuk pasir iki. Dheweke pengin ngerti saakeh-akehe.

“Apa bener papan iki jenenge Gumuk Pasir Parangtritis, Mas?”

“Iya, bener.”

“Mas, ngapa kok ing kene bisa akeh punthukan-punthukan wedhi sing jembar?” pitakone Dimas.

“Ayo, awake dhewe mlaku rada nengah kareben awakmu bisa mangerti.”

Dimas lan Mas Rudi mlaku nengah ing papan sing isine wedhi thok. Sakiwa tengen sesawangane mung wedhi alus kang jembar.

“Lalu bagaimana ceritanya sehingga ada gundukan-gundukan pasir yang sangat luas, Pak?” tanya Dimas bingung.

“Biar nanti Mas Rudi yang menjelaskan padamu. Mas Rudi itu kan kuliah jurusan Geografi.”

Mas Rudi baru saja selesai salat Zuhur di musala. Tak lama kemudian, Mas Rudi mengajak Dimas jalan-jalan ke gumuk pasir. Sementara itu, Pak Budi dan Kakek Puja berbincang-bincang sambil menjaga warung. Mas Rudi adalah salah satu mahasiswa jurusan Geografi semester enam. Dimas berencana menanyakan tentang gumuk pasir. Dia ingin tahu sebanyak-banyaknya cerita gumuk pasir.

“Benarkah tempat ini namanya Gumuk Pasir Parangtritis, Mas?”

“Iya, benar.”

“Mas, kenapa banyak sekali gundukan-gundukan pasir yang luas di sini?” tanya Dimas.

“Ayo, kita berjalan sedikit ke tengah gumuk pasir agar kamu bisa mengerti.”

Dimas dan mas Rudi berjalan di tengah tempat yang penuh dengan pasir. Di sekeliling mereka, pemandangannya hanyalah hamparan pasir lembut yang luas.

“*Sand dune* utawa gumuk pasir iki dumadi saka wedhi sing kagawa dening angin. Dumadine gumuk pasir iki ana sesambungane karo *aktivitas vulkanik* Merapi lan Merbabu. Uga ilining Kali Opak lan Kali Progo sing nggawa *material vulkanik*. Kejaba iku kudu ana tenaga ombak segara kidul,” wangsulane Mas Rudi.

Dumadakan ing sangarepe Dimas ana tanduran sing ngglindhing marani sikile. Dimas gage nyekeli tanduran sing wujud bunder nyrongot-nyrongot. Wujud meh padha kaya landak laut. Menawa ana angin, tanduran kuwi mau gemlindhing mlayu ana sandhuwure wedhi.

“Iki jenenge apa, Mas?” pitakone Dimas karo nuduhake tanduran sing dicekeli.

“Kuwi jenenge suket tikusan utawa *rumput lari-lari*. Suket sing wujud kaya eri iki duwe mupangat akeh. kayata nyetabilke punthukan wedhi lan nahan angin. Uga bisa nahan pasang surut miturut karo kahanan punthukan wedhi sing pindhah-pindhah.”

“*Sand dune* atau gumuk pasir terbentuk karena adanya pasir yang terbawa angin. Terjadinya gumuk pasir ini berkaitan erat dengan aktivitas vulkanik Gunung Merapi dan Merbabu. Juga aliran Sungai Opak dan Sungai Progo yang membawa material vulkanik. Selain itu, harus ada kekuatan dari gelombang laut selatan,” jawab Mas Rudi.

Tiba-tiba di depan Dimas ada tanaman yang menggelinding ke arah kakinya. Dimas segera memegang tanaman yang berbentuk bulat dan berduri runcing. Wujudnya hampir sama seperti landak laut. Jika ada angin, tanaman itu akan menggelinding di atas pasir.

“Ini namanya apa, Mas?” tanya Dimas sambil menunjukkan tanaman yang dipegangnya.

“Itu namanya *suket tikusan* atau rumput lari-lari. Tumbuhan berbentuk duri ini memiliki banyak manfaat, seperti menstabilkan bukit pasir dan menahan angin. Ia juga dapat menahan pasang surut air laut sesuai dengan kondisi gundukan pasir yang berpindah-pindah.”



“Oh mangkono. Wedhine kok bisa mlumpuk semene akehe kuwi larah-larahe kepriye, Mas?”

“Dumadine gumuk pasir kawiwitan nalika Gunung Merapi njeblug, ngetokake material vulkanik. Wujude awan panas sarta lebu, wedhi, lahar panas, lahar dingin, lan watu-watu.”

“Kabeh kuwi mau mili menyang kali sing wiwitane ing Merapi, Mas?”

“Iya, kayata Kali Opak, Bedhog, Boyong, Gendhol, lan sapanunggalane. *Material vulkanik* sing prongkalan-prongkalan kuwi kentir ngglundhung ngidul!”

“Wah, medeni, Mas.”

“Suwe-suwe pecah dadi watu-watu cilik lan krikil. Keli ngidul pecah dadi wedhi tumuju muwara Kali Opak, banjur mlebu segara kidul.”

“Lha kok malah mlebu ing segara, Mas?”

“Amarga ilining kali-kali kuwi mau kabeh tumuju ing segara kidul.”

“O....,” Dimas manthuk-manthuk mangerti.

“Oh, begitu rupanya. Kok pasirnya bisa terkumpul sangat banyak itu awal mulanya bagaimana, Mas?”

“Terjadinya gumuk pasir ini dimulai saat Gunung Merapi meletus dan mengeluarkan material vulkanik. Wujudnya berupa awan panas dan debu, pasir, lahar panas, lahar dingin, dan bebatuan.”

“Semua itu mengalir ke sungai yang bermuara di Merapi, Mas?”

“Iya, misalnya Sungai Opak, Bedog, Boyong, Gendol, dan sejenisnya. Material vulkanik yang berupa bongkahan-bongkahan itu menggelinding hanyut, bergulir ke selatan!”

“Wah. Menakutkan, Mas.”

“Seiring waktu, bebatuan itu pecah menjadi batu-batu kecil dan kerikil. Hanyut ke selatan lagi, pecah menjadi pasir menuju muara Sungai Opak, lalu masuk ke laut selatan.”

“Kenapa masuk ke laut, Mas?”

“Karena aliran sungai-sungai itu semuanya bermuara ke laut selatan.”

“O ....,” Dimas mengangguk-angguk mengerti.

“Nah, sawise mlebu segara, wedhi kuwi mau kagawa minggir dening ombak. Wedhi kang alus kuwi menep ing pinggiring pesisir.”

Dimas manthuk-manthuk maneh pratandha yen dheweke mangerti karo ature Mas Rudi.

“Wedhi banjur kagawa angin. Wusss ... wuss ... lan numpuk ing sawijining papan.”

“Saliyane kabeh kuwi mau, apa isih ana syarat liya dumadine gumuk pasir, Mas?” pitakone Dimas.

Dimas sangsaya kepengin mangerti dumadine Gumuk Pasir Parangtritis iki. Menawa didadekake karangan mbesuk mesti apik tenan. Kancane mesti padha gumun kok dheweke bisa crita bab gumuk pasir.

“Isih. Coba sawangen kae! Pesisire Parangtritis sing *landai* (rata) kae.” Mas Rudi nudingi pesisir Parangtritis sing katon saka gumuk pasir. “Bentuk pesisir kang *landai* uga dadi salah siji syarate. Banjur liyane, kudu ana bedane kang terwaca antarane mangsa ketiga lan udan.”

“Owalah, mangkono ta critane. Dakkira dumadine amarga dhanyange Gunung Merapi nesu karo Nyai Rara Kidul je, Mas.”

“Nah, setelah memasuki laut, pasir itu terbawa ke pantai oleh ombak. Pasir-pasir halus tersebut mengendap di tepi pantai.”

Dimas mengangguk-angguk lagi tanda mengerti dengan penjelasan Mas Rudi.

“Kemudian pasir terbawa oleh angin. Wusss... wuss... dan menumpuk di satu tempat.”

“Selain itu, apakah ada syarat lain untuk terbentuknya gumuk pasir, Mas?” tanya Dimas.

Dimas semakin ingin tahu lebih banyak tentang Gumuk Pasir Parangtritis. Jika nanti dibuat menjadi sebuah karangan, pasti benar-benar bagus. Teman-temannya di kota pasti terheran-heran bagaimana dia bisa bercerita tentang gumuk pasir.

“Masih. Coba, lihatlah itu! Pantai Parangtritis yang landai,” Mas Rudi menunjuk Pantai Parangtritis yang terlihat dari bukit pasir. “Bentuk pantai yang landai menjadi salah satu syaratnya. Selain itu, harus ada perbedaan yang jelas antara musim kemarau dan hujan.”

“Oh, ternyata begitu ceritanya. Saya kira itu terjadi karena penguasa Gunung Merapi marah kepada Nyai Rara Kidul, Mas.”



Dimas kukur-kukur sirahe karo mesem. Saiki dheweke wis terwaca dumadine gumuk pasir.

“Ora ya. Dumadine gumuk pasir iki ana penjelasan ilmiah kaya sing wis dakomongke mau.”

“Iya, Mas. Saiki aku wis mangerti,” kandhane Dimas. “Mas, aku kepengin dolanan *sandboarding*, oleh apa ora?”

Dimas weruh ana wong nggawa papan kaya *skateboard*. Saperangan padha dolanan sluncuran ing gumuk pasir. Wong-wong kuwi mau katon padha seneng.

“Oleh, nanging mengko wae yen wis rada sore kareben eyup. Ayo saiki tak ajak menyang Museum Gumuk Pasir dhisik wae!”

Sawise pamit marang Pak Budi, kekarone menyang Parangtritis Geomaritime Science Park. Dimas mboceng montore Mas Rudi tumuju ing bangunan sing wujud kaya kukusan biru. Papane ana ing Kawasan Kagungan Dalem Gumuk Pasir. Ora nganti sepuluh menit, Mas Rudi lan Dimas wis tekan Museum Gumuk Pasir.

Dimas menggaruk-garuk kepala sambil tersenyum. Sekarang dia telah memahami terjadinya gundukan pasir.

“Tidak begitu. Ada penjelasan ilmiah tentang asal-usul gundukan pasir ini, seperti penjasanku tadi.”

“Iya Mas. Sekarang aku sudah paham,” kata Dimas.

“Mas, aku ingin bermain *sandboarding*, boleh tidak?”

Dimas melihat beberapa orang membawa papan seperti papan *skateboard*. Beberapa dari mereka sedang berseluncur di gumuk pasir. Mereka tampak bahagia.

“Boleh, tapi nanti ya, kalau sudah agak sore biar teduh. Ayo sekarang kita pergi ke Museum Gumuk Pasir dulu!”

Setelah berpamitan dengan Pak Budi, keduanya berangkat menuju Parangtritis Geomaritime Science Park. Dimas dibonceng motor oleh Mas Rudi menuju gedung yang tampak seperti kukusan berwarna biru. Letaknya di Kawasan Kagungan Dalem Gumuk Pasir. Tak sampai sepuluh menit, Mas Rudi dan Dimas sudah sampai di Museum Gumuk Pasir.

Mas Rudi crita menawa bangunan museum kuwi nggambarake proses dumadine gumuk pasir. Bangunan kukusan digawe kanggo mralambangake Gunung Merapi. Lorong Pengetahuan mralambangake Kali Opak dan Progo. Dene bangunan gedhung sing mlengkung mralambangake gumuk pasir.

Museum iki kabangun patang tingkat. Museum gumuk pasir dadi sarana pasinaon, panaliten, lan inovasi. Mligine nyediakake informasi *geospasial*, wigatine bentang pesisir lan kelautan. Saliyane kuwi, museum iki uga dadi papan kanggo *restorasi* lan *konservasi* gumuk pasir.

Museum Gumuk Pasir iki nyimpen koleksi sejarah lan fakta saka gumuk. Sisa-sisaning watu, tanduran, sarta barang koleksi liyane sing bisa dadi sarana pasinaon.

Ing lantai siji museum gumuk pasir ana papan sing jenenge Ruang Audio Visual sing gunane kanggo sarana muter video lan pirembagan babagan kemaritiman, kelautan lan gumuk pasir. Papan sing jenenge Bilik Interaktif gunane kanggo muter video animasi dumadine gumuk pasir sacara tiga dimensi. Papan Zona Teras Jogja menehi gambaran apa wae kang kakandhut ing kawasan pesisir.

Mas Rudi bercerita bahwa bangunan museum mencerminkan proses terbentuknya gumuk pasir. Bangunan berbentuk kukusan dibuat untuk melambangkan Gunung Merapi. Lorong Pengetahuan melambangkan Sungai Opak dan Progo. Bangunan yang melengkung melambangkan gumuk pasir.

Museum ini dibangun dalam empat tingkat. Museum gumuk pasir merupakan sarana studi, penelitian, dan inovasi. Khususnya untuk memberikan informasi geospasial, pentingnya wawasan bidang kepebisiran dan kemaritiman. Selain itu, museum ini juga menjadi tempat restorasi dan konservasi gumuk pasir.

Museum Gumuk Pasir menyimpan koleksi sejarah dan fakta dari gumuk pasir. Sisa-sisa batu, tumbuhan, dan barang koleksi lainnya yang bisa menjadi sarana belajar.

Di lantai satu Museum Gumuk Pasir terdapat tempat yang disebut Ruang Audio Visual yang berguna untuk memutar video dan mendiskusikan tentang kemaritiman, laut, dan gumuk pasir. Sebuah tempat bernama Bilik Interaktif berguna untuk memutar video animasi gumuk pasir secara tiga dimensi. Tempat Zona Teras Jogja memberikan gambaran tentang apa saja yang terdapat di kawasan pesisir.



“Mas, kok awake dhewe kaya ana ing njeron segara ta?” Dimas pitakon nalika ana ing papan Zona Antara.

“Iki jenenge Zona Antara. Ing kene awake dhewe bisa sinau babagan sepira jerone segara.”

“Rasane kaya ing njeron kapal selam, Mas,” kandhane Dimas lirih. Dheweke isin menawa dikira gumunan.

“Iya. Amarga jerone segara disuguhake sarana *video mapping*, Dim.”

Ing *lantai* siji isih ana papan sing jenenge Zona Bahariku. Papan iki menahi gambaran *kepebisiran* lan *kemaritiman* Indonesia, tol segara, lan kekuwatan *maritim* Indonesia.

Ing *lantai* loro ana papan IPTEK, Zona Teknologi Pemetaan lan Zona Citra Satelit. Ana uga Lorong Pengetahuan lan Ruang Geospasial. Ing *lantai* telu ana Zona Gumuk Pasir. Ing *lantai* papat ana Zona Ufuk Parangtritis lan auditorium.

Sawise tutug, Mas Rudi lan Dimas bali menyang Gumuk Pasir Parangtritis. Kekarone arep dolanan *sandboarding*. Mas Rudi uga awèh warah menawa gumuk pasir ing Parangtritis iki kalebu jenis sing langka yaiku *barchan*. Gumuk pasir *barchan* kuwi dhuwure 5-15 meter. Gumuk pasir iki dawa mengulon tekan Pesisir Depok.

“Mas, kenapa kita merasa seperti berada di dalam laut?” tanya Dimas saat berada di Zona Antara.

“Ini disebut Zona Antara. Di sinilah kita bisa belajar tentang seberapa dalam lautan itu.”

“Rasanya seperti berada di dalam kapal selam, Mas,” kata Dimas pelan. Dia malu dibilang terlalu mudah takjub.

“Iya. Karena kedalaman lautnya disajikan dengan cara *video mapping*, Dim.”

Di *lantai* satu masih ada tempat bernama Zona Bahariku yang memberikan gambaran kepebisiran dan kemaritiman Indonesia, tol laut, dan dinamika maritim Indonesia.

Di *lantai* dua terdapat Zona IPTEK, Zona Teknologi Pemetaan dan Zona Citra Satelit. Ada juga Lorong Pengetahuan, dan Ruang Geospasial. Di *lantai* tiga terdapat Zona Gumuk Pasir, sedangkan di *lantai* empat terdapat Zona Ufuk Parangtritis dan auditorium.

Setelah merasa cukup, Mas Rudi dan Dimas kembali ke Gumuk Pasir Parangtritis. Keduanya akan bermain *sandboarding*. Mas Rudi juga mengatakan bahwa gumuk pasir di Parangtritis ini merupakan jenis *barchan* yang langka. Gumuk pasir *barchan* tingginya 5-15 meter, membentang ke arah barat hingga Pantai Depok.

Taun 1972, gumuk pasir isih asli lan jembare luwih saka 400 hektar. Taun 1992, kawasan gumuk pasir ditanduri palawija lan cemara udang. Warga uga padha mbangun omah, saengga taun 2002 jembare gumuk kelong. Taun 2006, gumuk pasir dadi lahan kanggo tetanen. Tahun 2012 ana *penghijauan* lan taun 2017 jembare gumuk pasir kari 30 hektar.

Gumuk Pasir Parangtritis iku dadi kawasan *geoheritage*, kawasan kang ngandhut nilai-nilai kabudayan. Satemene mbiyen gumuk pasir iki dadi kawasan sing diayomi lan diakoni UNESCO. Nanging suwening suwe gumuk pasir dadi lahan tetanen lan pariwisata. Warga padha nandur wit cemara udang ing gumuk pasir. Wit-wit cemara mau dadi ngalangi angin kang nggawa wedhi.

“Warga uga ndadekake lahan gumuk pasir kanggo papan pariwisata. Gumuk pasir dadi *spot foto*, papan kanggo *syuting*, lan pentas kabudayan. Kajaba iku bisa kanggo sarana *sandboarding*,” ature Mas Rudi.

Pada tahun 1972, gumuk pasir tersebut masih asli dan memiliki luas lebih dari 400 hektar. Pada tahun 1992, kawasan gumuk pasir ini ditanami pohon cemara udang. Selain itu, warga juga membangun rumah sehingga pada tahun 2002 luas gumuk berkurang. Pada tahun 2006, gumuk pasir menjadi lahan pertanian. Pada tahun 2012 terjadi penghijauan dan pada tahun 2017 luas gumuk pasir hanya 30 hektar.

Gumuk Pasir Parangtritis merupakan kawasan *geoheritage* yang merupakan kawasan yang mengandung nilai budaya. Dulu, gumuk pasir ini merupakan kawasan yang dilindungi dan diakui oleh UNESCO. Namun, seiring waktu, gumuk pasir tersebut menjadi lahan pertanian dan pariwisata. Warga menanam pohon cemara udang di gumuk pasir. Pohon-pohon cemara itu menghalangi angin yang membawa pasir.

“Warga juga menjadikan kawasan gumuk pasir untuk pariwisata. Gumuk pasir menjadi spot foto, tempat *syuting*, dan tempat pentas budaya. Selain itu, bisa digunakan untuk bermain *sandboarding*,” ujar Mas Rudi.



“Mas, nalika ana Siklon Tropis Cempaka, jarene ing kene ana *oase*?”

“Oh iya. Sawetara wektu kepungkur pancen DIY kena *dampak negatif* Siklon Cempaka. Nanging uga ana *dampak positif* yaiku sesawangan *oase* ing tengah gumuk pasir. *Oase* iki dumadi ana papan sing jenenge ‘*dune slack*’ utawa lembah gumuk.” Mas Rudi awew wangsul.

“Sakjane gumuk pasir iki ana gunane ora ya, Mas?”

“Jelas ana ta.”

“Apa kuwi, Mas?”

“Kanggo nyegah peresapan banyu segara supaya banyu ana tlatah gumuk pasir ora asin. Uga kanggo nahan *abrasi* saka ombak pasang.”

Gumuk pasir bisa nyegah *abrasi* kanthi ngalangi ombak gedhe. Gumuk pasir mecah ombak lan nyesep banyu ombak ana punthukan wedhi. Gumuk Pasir Parangtritis iki dhuwure cukup kanggo nahan ombak gedhe.

“Mas. Ketika ada Siklon Tropis Cempaka, katanya timbul oase di sini?”

“Oh iya. Beberapa waktu lalu, DIY terkena dampak negatif Siklon Cempaka. Namun ada juga dampak positifnya yaitu adanya oase di tengah gumuk pasir. Oase ini terletak di tempat yang disebut ‘*dune slack*’ atau lembah gumuk,” jawab Mas Rudi.

“Apakah gumuk pasir ini ada gunanya, Mas?”

“Jelas ada.”

“Apa saja itu, Mas?”

“Untuk mencegah peresapan air laut, agar air di kawasan gumuk pasir tidak asin. Juga untuk menahan abrasi dari gelombang pasang.”

Gumuk pasir dapat mencegah abrasi dengan memblokir ombak besar. Gumuk pasir memecah ombak dan menyerapnya ke dalam gumuk pasir. Gumuk Pasir Parangtritis ini cukup tinggi untuk menahan ombak besar.

Mas Rudi nyewa papan *sandboarding* cacah loro. Dimas bungah tenan. Dheweke gumun nalika weruh sangisore papan *sandboarding* ana sing lunyu-lunyu kaya pelumas.

“Lho, Mas. Kuwi sangisore papan *sandboarding* diwenahi apa?”

“Iki diwenahi lilin supaya bisa lancar mluncur ana wedhi,” wangsulane Mas Rudi.

“Ayo, ndang dolanan!”

Dimas ngetutake Mas Rudi. Atine seneng banget amarga diajari dolanan *sandboarding*. Pisan pindho Dimas tiba ana wedhi. Awake durung bisa ngimbangi lakune papan *sandboarding*. Nanging sawise bola-bali tiba, dheweke dadi lancar anggone dolanan *sandboarding*.

Dimas lan Mas Rudi dolanan *sandboarding* kanthi papane dilurusake mengarep. Awake miring ngiwa utawa nengen nanging mripat kudu tetep nyawang mengarep. Tangane padha obah ngupaya supaya awake tetep imbang ana sandhuwure papan *sandboarding*. Awak sing gluprut wedhi wis ora digagas maneh, sing penting atine seneng.

Mas Rudi menyewa dua papan *sandboarding*. Dimas sangat senang, tetapi dia terkejut ketika melihat di bawah papan *sandboarding* ada sesuatu yang licin seperti minyak.

“Lho, Mas. Di bawah papan *sandboarding* itu diolesi apa?”

“Itu diolesi lilin supaya bisa meluncur mulus di atas pasir,” jawab Mas Rudi.

“Ayo, kita bermain!”

Dimas mengikuti Mas Rudi. Hatinya sangat senang karena diajari cara bermain *sandboarding*. Satu dua kali Dimas terjatuh di atas pasir. Badannya belum bisa mengimbangi jalannya papan *sandboarding*. Namun, setelah beberapa kali jatuh, ia menjadi lancar bermain *sandboarding*.

Dimas dan Mas Rudi bermain *sandboarding* dengan cara meluruskan papan ke depan, badan miring ke kiri atau ke kanan tetapi mata harus tetap melihat lurus ke depan. Tangannya bergerak-gerak untuk menjaga keseimbangan di atas papan seluncur. Badan yang belepotan pasir sudah tak dipedulikan lagi, yang penting hatinya senang.



Dimas uga seneng banget amarga dadi mangerti babagan dumadine gumuk pasir. Dheweke duwe tekad kepengin nglestarekake lan njaga keasliane gumuk pasir, yaiku kanthi cara ora mbuwang sampah utawa plastik ana gumuk pasir.

Dimas uga kepengin supaya para warga ora ngalangi dalane angin kang nggawa wedhi. Muga-muga warga ora mbangun omah ing kawasan gumuk pasir. Ora nenandur wit sing ngalangi dalane angin. Ora tumindak ala kanggo lestarine gumuk pasir kayata ngeruk, mindhah, utawa ngratakake gumuk pasir.

Mas Rudi gumun nalika Dimas njupuki suket tikusan pirang-pirang. Tangane nganti kangelan nggawa amarga krasa lara nalika pucuke suket nyoblos drijine.

“Awww! Wadhuh lara tanganku!” Dimas mbengok karo ngipat-ngipatke tangane.

“Kok nglumpukke semono akehe ki arep mbok nggo ngapa je?” pitakone Mas Rudi gumun.

“Arep dak nggo oleh-oleh kancaku sak kelas, Mas.”

Mas Rudi ngguyu kepingkel-pingkel krungu wangsulane Dimas. “Oleh-oleh kok suket. Oleh-oleh kuwi panganan apa kaos *pantai*, ngono lho,” Mas Rudi isih ngguyu karo ngresiki tangane.

Dimas sangat senang karena telah mengetahui terjadinya gumuk pasir. Ia bertekad untuk menjaga dan mempertahankan keaslian gumuk pasir, yaitu dengan tidak membuang sampah atau plastik di gumuk pasir.

Dimas juga berharap warga tidak menghalangi jalur angin yang membawa pasir. Semoga masyarakat tidak membangun rumah di kawasan gumuk pasir. Tidak menanam pohon yang menghalangi jalur angin. Tidak melakukan hal yang buruk seperti menggali, memindahkan, atau meratakan gumuk pasir.

Mas Rudi heran ketika Dimas memunguti banyak rumput lari-lari. Ia kesulitan untuk memegangnya karena ujung rerumputan menusuk tangannya.

“Awww! Aduh, tanganku sakit!” Teriak Dimas sambil mengibas-ngibaskan tangannya.

“Mengapa kamu mengumpulkan sebanyak itu?” tanya Mas Rudi heran.

“Untuk oleh-oleh teman sekelasku, Mas.”

Mas Rudi tertawa terpingkal-pingkal mendengar jawaban Dimas. “Bawa oleh-oleh kok rumput? Oleh-oleh itu makanan atau baju pantai,” Mas Rudi masih tertawa sambil membersihkan tangannya.

Dimas banjur cerita menawa dheweke oleh tugas nggawe karangan babagan papan pariwisata sing ana ing DIY. Suket tikusan sing diklumpukake kuwi bakal dinggo piranti paraga. Suket kuwi bakal diduduhake marang kanca-kancane nalika dheweke maca karangane ing ngarep kelas. Kanca-kancane ing kutha padha durung tau weruh suket aneh kaya mangkono kuwi mau. Mesti kabeh padha gumun.

“Anggone nggawa sithik wae. Kareben ora kangelan le nyekeli.”

Pungkasane Dimas mung nggawa suket cacah lima.

“Mas Rudi, matur nuwun banget ya wis diwenahi ngerti babagan gumuk pasir. Malah diajari dolanan *sandboarding* barang, seneng tenan aku, Mas,” kandhane Dimas.

“Iya Dimas, padha-padha. Aja kapok dolan mreng maneh ya,” welinge Mas Rudi.

“Siap, Mas. Sesuk yen prei sekolah, dakdolan mreng maneh.”

Kekarone banjur padha bali ana warung es degan kagungane Mbah Puja. Sawise mangan bakso lan ngombe es degan, Dimas kepengin bali. Pak Budi lan Dimas banjur pamitan marang Mbah Puja lan Mas Rudi.

Dimas kemudian bercerita bahwa ia diberi tugas mengarang tentang tempat wisata di DIY. Rumput lari-lari akan ia gunakan sebagai alat peraga saat membacakan karangannya di depan kelas. Teman-temannya di kota belum pernah melihat rumput seaneh itu. Semua pasti heran.

“Bawa secukupnya saja, Dim. Supaya tidak kesulitan untuk memegangnya.”

Akhirnya Dimas hanya membawa lima rumput lari-lari.

“Mas Rudi, aku sangat berterima kasih karena sudah dijelaskan tentang gumuk pasir. Bahkan diajari bermain *sandboarding*, Aku senang sekali,” kata Dimas.

“Iya Dimas, sama-sama. Jangan sungkan datang ke sini lagi ya,” kata Mas Rudi mengingatkan.

“Siap, Mas. Besok ketika libur sekolah tiba, aku akan pergi ke sini lagi.”

Keduanya kembali ke warung es degan Kakek Puja. Setelah makan bakso dan minum es degan, Dimas ingin pulang. Pak Budi dan Dimas lalu berpamitan pada Kakek Puja dan Mas Rudi.

“Pak. Kula sampun mangertos kados pundi dumadinipun gumuk pasir.”

Dimas crita marang Pak Budi sajrone bali ing Kutha Ngayogyakarta. Karo nyekeli suket tikusan, dheweke crita warna-warna. Omongane sing lancar wis kaya-kaya ngalahake Mas Rudi sing mahasiswa Geografi.

“Saiki wis ora ngarani dhanyange Gunung Merapi nesu?” Pak Budi ndangu karo gumujeng.

“Lha nggih boten, Pak. Punika rak wonten penjelasan ilmiahipun,” wangsulane Dimas mesem.

“Gene saiki pinter?”

“Kula sampun mangertos sadaya saking Mas Rudi. Benjang kaleresan prei mrika malih njih, Pak?”

“Iya. Sesuk dakajak mrana maneh, nanging kowe kudu melu njaga lan nglestarekake gumuk pasir.”

“Siap Pak!”

“Wis siap tenan iki?”

“Lha nggih sampun. Putrane sinten ta? Putrane Pak Budi, hahaha ....”

Pak Budi lan Dimas padha ngguyu. Dimas bali menyang omahe nggawa ilmu kang mupangati kanggo sekolahe. Mengko bengi dheweke siap nulis tugas karangan basa Jawa babagan Gumuk Pasir Parangtritis.

“Pak. Saya sudah tahu bagaimana terjadinya gumuk pasir.”

Dalam perjalanan pulang ke Kota Yogyakarta, Dimas bercerita pada Pak Budi. Sambil memegang rumput lari-lari, dia menceritakan tentang gumuk pasir. Gaya bicaranya yang fasih seakan mau mengalahkan Mas Rudi yang mahasiswa Geografi.

“Sekarang sudah tidak menuduh penguasa Gunung Merapi marah?” Pak Budi bertanya sambil tertawa.

“Tidak begitu, Pak. Itu ada penjelasan ilmiahnya,” jawab Dimas tersenyum.

“Wah, sudah pintar sekarang?”

“Saya sudah paham semuanya dari Mas Rudi. Besok liburan kita berkunjung ke sana lagi ya, Pak?”

“Iya. Besok Bapak ajak ke sana lagi, tetapi kamu harus ikut menjaga dan melestarikan gumuk pasir.”

”Siap pak!”

“Janji ya?”

“Iya Pak. Anak siapa dulu? Anak Pak Budi, hahaha....”

Pak Budi dan Dimas tertawa bersama. Dimas kembali ke rumahnya dengan membawa ilmu yang bermanfaat bagi sekolahnya. Malam harinya ia siap menulis tugas mengarang berbahasa Jawa tentang Gumuk Pasir Parangtritis.



# Biodata

## Penulis & Penerjemah



Bening Christalica Damai Nugraha, biasa dipanggil dengan nama “Ning”. Lahir di Klaten, 28 April 2005. Berumur 17 tahun. Si pendiam yang sering dibilang “medhok Jawa”. Punya hobi menari, membaca, dan menulis, bercita-cita jadi sastrawan yang cinta budaya. Saat ini tinggal di Kota Gudheg, lulusan kelas belajar cepat jurusan IPS di SMA N 1 Bantul Yogyakarta dan melalui jalur SNMPTN diterima di UGM Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia. Pernah juara lomba, diantaranya juara 3 Lomba Menulis Surat Untuk Raden Ajeng Kartini 2021 yang diadakan Kementerian Kominfo, Juara Menulis Surat Untuk Indonesia 2021 yang diadakan oleh Ketua PP Ansor Sumantri Suwarno, juara 1 Lomba Cerpen Daulat Sastra Jogja 2022, dll. Jejaknya bisa dilacak melalui Google, akun Instagram @bening\_christalica, Email [christaliciabening@gmail.com](mailto:christaliciabening@gmail.com), telepon/WA 081578845314. Alamat rumah: Caben RT 05 Sumbermulyo Bambanglipuro Bantul DIY. Teruslah mencoba dan jangan berputus asa!

## Ilustrator



Yohanes Satria adalah seorang pecinta seni yang menyukai dunia menggambar. Saat ini, ia tengah fokus belajar pada ilustrasi untuk buku cerita anak, mengejar impian untuk menciptakan karya yang menginspirasi. Yohanes berambisi untuk terus belajar lebih banyak dan bertemu banyak orang dengan minat yang sama, karena percaya bahwa pertukaran ide dan pengalaman adalah kunci untuk kemajuan dalam bidang seni yang dicintainya. Untuk melihat karya Yohanes, silahkan mampir ke Instagram @hahaahans.

## Penyunting



Mulyanto merupakan pengelola Jurnal Kebahasaan dan Kesastraan Widyaparwa sejak tahun 2016 hingga saat ini. Tugas-tugasnya dalam pengelolaan majalah ilmiah yakni sebagai editor (editor bagian, penyunting, penata letak, dan penyelaras akhir), sempat juga membuat beberapa karya tulis. Sejak tahun 2007 ia juga menjadi penyuluh bahasa di wilayah tempat kerjanya. Saat ini ia memiliki tugas utama sebagai pengelola Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI) di wilayah Daerah Istimewa Yogyakarta dengan melakukan sosialisasi, pendampingan, pengawasan, dan penilaian tes. Bagi sahabat yang ingin berkomunikasi secara personal dapat menghubungi posel [mulyanto.ms@gmail.com](mailto:mulyanto.ms@gmail.com). Bagi sahabat yang ingin mengikuti tes UKBI dapat membuka laman [ukbi.kemdikbud.go.id](http://ukbi.kemdikbud.go.id).





MILIK NEGARA  
TIDAK DIPERDAGANGKAN

**Dimas mendapat tugas dari guru Bahasa Jawa untuk menulis karangan. Ia memutuskan untuk menulis tentang Gumuk Pasir Parangtritis. Mas Rudi menjelaskan terkait asal-usul Gumuk Pasir Parangtritis, tanaman yang ada di sana, dan masih banyak lagi. Dimas juga diajak untuk berkeliling ke Museum Gumuk Pasir oleh Mas Rudi. Museum Gumuk Pasir berisi informasi terjadinya gundukan pasir dengan lebih jelas dan mudah dimengerti.**

ISBN 978-623-112-505-7 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023